**ДУНАЕМ НАПЭ ЗИIЭ ИЦIЫФХЭМРЭ ШЪХЬАФИТ ЛЪЭПКЪХЭМРЭ ФЭГЪЭЗАГЪЭУ**



## Мэлылъфэгъум и 25 - Адыгэ Ныпым и Маф

### Зы Лъэпкъыщхьэ - Зы Псэ - Зы Теубытэныгъ

### Зэфагъэмрэ Зэгъусэу Пэуцужьымрэ я Нэшан

Адыгэ ныпым тет жъуагъо 12-р лIакъохэм ячIыналъэхэм, щэбзищыр мамырныгъэ зыхэлъ зыкIыныгъэм, уцышъор Адыгэ Хэкум джэнэтым фэдэ ичIыопсымрэ Ислъамым иохабз гупсэфым, дышъэ шъор чIыналъэм ицIыф ыкIи физическэ географием ибаигъымрэ шъхьафитымрэ янэшан.

Адыгэ ныпыр, я 16-нэ лIэшIэгъум фежьэу 19-нэрэ лIэшIэгъум лъэшы дэдэ ашIыгъагъэ чIыналъэ къытезэрэгоным Адыгэ лъэпкъыр лIыгъэ хэлъэу зэрэпэуцужьыгъагъэр къэзыгъэлъагъо нэшанэ лъапI.

Изэкъуабзэу къагъэнэгъагъэ Адыгэ Хэкур пачъыхьагъом зэриубытыгъэмрэ псаоу къэнагъэ дилъэпкъэгъухэмрэ хэку джэнэтым къызэрырафыгъэмрэ илъэс 162 хъугъэ. Дунаем икъэралыгъо шъэныкъом зэбгырытэкъугъэу щыпсэу Адыгэ лъэпкъым къыфагъэшъошагъэ лъэпкъ гъэкIодым, этническэ гъэкъэбзэныгъэм ыкIи хэку къигъэкIыныгъэм фэгъэхьыгъэу джырэ къыздэсыгъэм Урысейм къытфэжъугъогъу ыIошъугъэп.

2025 гъэм, сентябрым и 5-м Стамбул щашIыгъэ Зэфэсышъхьэм, къэралыгъо 7-м щыщэу къыхэлъэжьагъэ хасэ 26-м ялIыкIо 65-м агъэпсыгъэ CNA-р, Адыгэ Хэкумрэ Адыгэ лъэпкъым ялъытэныгъэмрэ Iахьхэмрэ хъумэн, тилъэпкъышъхьэмрэ тикультурэмрэкIэ дунае лъэпкъхэм языфакум дилъытэныгъэр икIэрыкIэу къызыIэрыдгъэхьажын папкIэ дунае пстэум щызекIо хабзэхэмрэ цIыф фитыныгъэхэм ядэIэпыIэныгъэхэмкIэ лэжьэщт.

Орэпсэу Адыгэ Ныпыр! Орэпсэу Адыгэ Хэкур! Орэпсэу Адыгэ Лъэпкъыр!

**CNA | Circassian National Assembly | Адыгэ Лъэпкъ Хасэ | Çerkes Ulusal Meclisi**